

Repons Vil New York pou Sawonpyon Makak la

Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (Depatman Sante NYC) ap reponn a epidemi sawonpyon makak la ki deyò a kounye a. Feyè sa a dekri apwòch ki gen senk pati, ki akse sou ekite nou pran pou n reponn a pwoblèm sawonpyon makak la nan NYC epi rive jwenn moun New York yo ki gen plis risk. Nou pran angajman pou n angaje òganizasyon kominotè yo, patnè yo ak lòt pati konsène yo pou n asire repons nou bay sawonpyon makak la baze sou lasyans ak opinyon kominote a. Nou pral kontinye idantifye, siveye ak reponn a pwoblèm ki gen rapò ak ekite yo nan kad repons nou an pou ede pwoteje moun New York yo.

Objektif yo ki annapre la pral alimante yon repons a sawonpyon makak ki ijan ak egalego nan NYC:

- Anpeche ak limite pwopagasyon viris la
- Minize soufrans ak malèz ke maladi a lakòz
- Elimine prejije ak ankouraje moun jwenn aksè egalego a resous yo pou vaksen, fè tès ak tretman.

Baze sou kritè elijibilite pou vaksinasyon nan New York kounye a, jiska 150,000 moun New York ka a risk pou yo ekspoze a sawonpyon makak la. Apati 28 jiyè 2022, NYC te gen plis ka sawonpyon makak la pase tout lòt zòn nan Etazini, kote l gen plis pase 25% nan ka ki gen nan peyi. Pandan NYC ap kontinye rete episant epidemi sa a, moun New York yo bezwen yon pwopòsyon dòz vaksen ak zouti, ki gen ladan finansman, ki ase pou plis pran an kont fado maladi a ak popilasyon nou an. Vil la kontinye pledwaye devan tout nivo yo nan gouvènman sou pwoblèm ki gen rapò ak resous pou reponn a sawonpyon makak la ak pou moun New York yo jwenn aksè egalego. Al sou nyc.gov/health epi chèche "**Statements and Letters**" (**Deklarasyon yo ak Lèt yo**) pou w aprann plis sou efò pledwaye Vil la ap fè kont sawonpyon makak la.

Nou ankouraje popilasyon an pou l pote kole avèk nou pou fè apèl alaksyon sa yo pou asire New York genyen sa l bezwen pou redui transmisyon, pwoteje popilasyon ki arisk yo epi bay plis moun ki nan plis katye yo plis aksè a resous vaksen, tès ak tretman nou genyen kounye a, ak pa mwayen patnè yo ak pwofesyonèl swen sante yo.

Apwòch NYC Pran pou Reponn a Sawonpyon Makak la

1. Prevansyon

- Bay moun New York yo enfòmasyon sou kòman pou yo evite oswa redui chans pou yo ekspoze a sawonpyon makak la ak kisa pou yo fè si yo ta vin ekspoze oswa si yo gen sentòm yo.
- Ankouraje òganizasyon kominotè yo, founisè yo, sila yo ki nan anviwònman ki gen anpil risk yo ak lòt mesaje moun fè konfyans yo pou konsète efò edikasyon ak sansibilizasyon yo, sitou gwoup k ap travay nan kominote yo ki gen plis risk pou yo ekspoze a maladi a oswa ki riske gen enfeksyon sawonpyon makak ki grav.

- Simaye enfòmasyon an atan bay moun New York yo, ki gen ladan pwodui materyèl yo nan plis lang moun pale nan NYC.

2. Siveyans ak Rechèch Kontak

- Detèmine epidemyoloji sawonpyon makak la nan NYC, ki gen ladan nouvo ka yo, konbyen moun ki gen maladi a, trajektwa epidemi an ak faktè risk yo.
- Pataje done yo ki repati selon laj, ras, etnisite, sèks ak lòt demografi yo, pandan n ap respekte vi prive moun ak règ pwoteksyon done yo.
- Bay moun yo ki gen sawonpyon makak la enfòmasyon an atan, ki gen ladan fason pou yo izole san danje pou pwoteje lòt moun ki nan fwaye yo pou anpeche maladi a simaye epi fason pou yo jwenn swen sante ak sèvis sosyal yo.
- Idantifye kontak ki gen anpil risk ak moun ki gen sawonpyon makak la epi bay vasken pwofilaksi apre ekspozisyon (post-exposure prophylaxis, PEP) pou redui chans pou maladi a simaye.
- Pataje enfòmasyon sou kisa pou atann si Depatman Sante NYC a idantifye yon moun oswa si li idantifye pwòp tèt li kòm yon moun ki te ekspoze a yon lòt moun ki gen sawonpyon makak la.

3. Tès

- Asire moun jwenn aksè a tès pa mwayen etablisman NYC Public Health Laboratory (Laboratwa Sante Piblik NYC) a ak NYC Health + Hospitals.
- Travay ak patnè yo onivo lokal ak nasyonal pou ogmnte kapasite pou fè tès.
- Edike founisè yo sou prezantasyon klinik, pwotokòl tès yo ak kòman pou yo di pasyan yo rezilta tès yo.
- Asire moun New York yo konprann kisa yo ta dwe fè pandan y ap tann rezilta tès yo oswa si yo teste pozitif.
- Pledwaye devan gouvènman federal la pou mande pou yo bay plis aksè a tès yo pa mwayen laboratwa komèsyal yo ak opsyon tès ki pa chè oswa ki gratis nan lokal ki pa lokal Vil la yo.

4. Tretman

- Edike founisè yo sou kòman pou yo jere moun ki gen sawonpyon makak la kòm sadwa, ki gen ladan swen soutyen ak terapi antiviral.
- Pledwaye devan gouvènman federal la pou mande pou yo bay plis aksè a tretman antiviral (tecovirimat), ki disponib aktyèlman sèlman kòm pwotokòl pou yon nouvo medikaman eksperimantal yo agrandi fason pou itilize li (expanded access investigational new drug, EA-IND) nan kad efò global n ap fè pou rann li pi fasil pou doktè yo preskri ak bay medikaman an.
- Bay doktè yo èd teknik sou kòman pou yo preskri tretman antiviral yo ki disponib anba yon pwotokòl EA-IND.
- Edike popilasyon an pou yo ka konnen kimoun ki ka jwenn tretman antiviral ak kòman yo ka jwenn li nan men doktè yo.

5. Vaksinasyon

- Jiska 150,000 moun New York ka a risk pou yo ekspoze a sawonpyon makak la, baze sou kritè elijibilite pou vaksinasyon NYC genyen kounye a. Tank gen plis moun ki pran vaksen, tank sa pral redui chans pou sawonpyon makak la simaye epi tank sa ap pwoteje popilasyon yo ki a risk nan NYC. Malgre obstak pou apwovizyonman vaksen ekstrèm yo, kanpay vaksinasyon nou an dwe ekilibre vaksinen anpil moun nan mezi sa posib byen rapid pandan n ap asire moun jwenn aksè egalego a vaksen yo pa mwayen lokal vaksinasyon an mas yo epi priyore aksè pou moun New York yo ki gen plis risk transmisyon ak rezilta grav yo. Nou pral travay pou n rive jwenn ekilib sa a gras a patenarya n ap fè ak òganizasyon kominotè yo epi rezève vaksen pou katye ki priyore yo. Plan distribisyon vaksen NYC a gen ladan:
 - Klinik vaksinasyon nan toule senk awondisman yo, ki gen ladan lokal vaksinasyon an mas pou vaksinen moun New York ki elijib byen rapid nan mezi sa posib.
 - Rezève randevou yo pou asire aksè egalego pou yo jwenn vaksen, tankou referans pa mwayen patnè kominotè yo pou moun New York ki elijib yo ki nan plis risk pou yo malad grav akòz sawonpyon makak la, ki manke aksè a swen sante oswa lòt resous yo, oswa ki soti nan yon zòn jewografik priyore yo.
 - Distribisyon PEP bay moun ki an kontak pwòch ak moun ki gen sawonpyon makak la ki te vin ekspoze nan espas travay la.
 - Entegre founisè yo kòm vaksinatè pou agrandi aksè pa mwayen sistèm swen sante a.
 - Pwen aksè a vaksinasyon tanporè oswa mobil pou rankontre moun yo kote yo ye a.
- NYC pral priyore premye dòz vaksen an pou plis moun ka resevwa pwoteksyon. Lè gen plis apwovizyonman ki disponib, NYC pral kontakte moun yo pou yo vin pran dezyèm dòz yo. Estrateji yon sèl dòz la konfòm ak estrateji distribisyon vaksen kont sawonpyon makak la ke yo pran nan Woyòm Ini ak Kanada epi li baze sou prèv syantifik ki disponib.

Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye.

7.28.22 Haitian Creole